

Fason pou Reyaji Pandan yon Sityasyon Kote yon Moun ap Tire pou Touye moun



KOURI



KACHE



BATAY

Gen 3 aksyon prensipal pou ede ou chape anba men yon moun k ap tire pou touye moun

***KOURI, KACHE, BATAY** gendwa pa rive youn apre lòt. Fè etap sa yo dapre sityasyon OU ladan an.*

KOURI

- Kreye distans ant OUMENM ak moun k ap tire a
- Pa pran zafè ou yo avèk ou, annik soti.
- Kouri, mache, ranpe – selon sa ki nesese a – nan zòn ki pi pre ki gen sekirite a

KACHE

- Kache bay TAN pou lapolis rive
- Kouvri epi kache: **Kouvri** se yon bagay ki non sèlman kache kote ou ye a, men li ta ka gen posiblite pou bloke yon bal
- Asire yo pa kapab wè ou, bloke antre a, epi lòk pòt la

BATAY

- Sa se yon dènye solisyon epi se SÈLMAN si lavi ou an danje touswit
- Sèvi ak atik ou kapab jwenn, tout bagay sanzesepsyon ki toupre, pou frape moun k ap tire a oswa pou voye sou li
- Aji ak tout fòs ou epi ak tout sa ou genyen!

RELE 911 DÈKE OU KAPAB

Lè sa apwopriye, mete telefòn selilè
ou sou silans epi dezaktive
fonksyon vibrasyon an

Bay premye swen pou tèt ou anvan,
answit bay lòt moun; Kanpe Senyen
an www.dhs.gov/stopthebleed

Lè Lapolis Rive

- Sonje, lapolis ap kontoune viktim ki blese yo jiskaske yo netralize menas la
- Respekte machaswiv yo bay epi kite men ou vizib toutan
- Rete kalm: **PA** lonje dwèt, kriye, oswa rele
- **PA** estope yo epi/oswa mande èd amwenske lapolis mande pou fè li

Pou gade yon videyo **480 Segonn** ki bay enfòmasyon pou chape anba men yon moun k ap tire pou touye moun, vizite dhSES.ny.gov/oct

Pou jwenn enfòmasyon anplis nan men patnè nou yo pou chape anba men yon moun k ap tire pou touye moun, vizite sitwèb DHS la nan www.dhs.gov/active-shooter-preparedness



**Homeland Security
and Emergency Services**

www.dhSES.ny.gov